# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में सतवां फेरा क तेरह लोकसभा सीटिनि पर काल्हि परचन क जांचि कइल गइल। बनारस में एकतालीस में से तैंतीस परचा निरस्त कइ दिहल गइल हौ। एहवां प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के सथहीं आठ ओम्मेदवार मैदान में हवें। चन्दौली में जांचि के दौरान सतरह, मिर्जापुर में छब्बीस, राबर्ट्सगंज में दस, बलिया में नौ, सलेमपुर आ घोसी में पांच–पांच अउर गाजीपुर में चउदह परचा खारिज हो गइल। गोरखपुर सीटि से तेरह ओम्मेदवारन क परचा सही पावल गइल जबकि ओन्नइस ओम्मेदवारन क परचा में कमी मिलले पर खारिज कै दिहल गइल। येही क्रम में बांसगांव लोकसभा क्षेत्र से आठ परचा सही मिलल जबकि तीनि गो खारिज कइ दिहल गइल।

ओहर, महराजगंज लोकसभा सीटि से छौ परचा खारिज कइल गइल जबकि आठ परचा सही मिलल हौ। काल्हि येह सीटिनि पर नांव वापसी के समय सीमा खतम भइले के बाद ओम्मेदवारन क स्थिति साफ हो जाई। येह फेरा में–महराजगंज, गोरखपुर, कुशीनगर, देवरिया, बांसगांव, घोसी, सलेमपुर, बलिया, गाजीपुर, चंदौली, वाराणसी, मिर्जापुर, अउर राबर्ट्सगंज लोकसभा सीटि बदे एक जून के ओट परी।

**********

प्रदेस में बाकी फेरा के लोकसभा चुनाव बदे राजनीतिक पारटियन क स्टार परचारक ओटरन के लुभावे बदे आपन पुरहर ताकति लगा रहल हवें। वरिष्ठ भाजपा नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु कहलें कि सीएए मोदी के गारंटी क ज्वलंत उदाहरण हौ अउर ई साफ हौ कि भाजपा सरकार जवन वादा करे ले, ओके पूरो करे ले। जौनपुर में एगो रैली के सम्बोधित करत उहां के कहलीं कि पहिले दिल्ली अउर मुंबई जइसन बड़हन सहरन ले विका होत रहे। बाकिर अब अजोध्या अउर काशी जइसन धामिरक स्थलन क भी विकास भइल हौ। एहसे पहिले आजमगढ़ जिला क लालगंज क्षेत्र में एगो रैली के सम्बोधित करत श्री मोदी कहलें कि सपा अउर कांग्रेस एक सिक्का क दुइ पहलू हवें, दुन्नो झूठ बोले लें अउर भाईभतीजावाद अउर भ्रस्चार में लिप्त हवें। उहां के कंग्रेस पर हमला करत कहलीं कि पारटी क पूर्व अध्यक्ष राम मंदिर पर नकारात्मक टिप्पणी करत रहे लें। भदोही में श्री मोदी तृणमूल कांग्रेस क नेता ममता बनर्जी पर निसाना सधलें। एहवां सपा के सहजोग से तृणमूल कांग्रेस क प्रत्याशी चुनाव मैदान में हौ। पीएम मोदी क आजु राति लखनऊ के गवर्नर हाऊस में रूकले क कार्यक्रम हौ अउर ऊ बिहने बाराबंकी, फतेहपुर अउर हमीरपुर निर्वाचन क्षेत्र में रैलियन के सम्बोधित करिहें।

ओहर वरिष्ठ भाजपा नेता और मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ पीएम मोदी के साथे मंच साझा कइलें अउर कौशाम्बी आ बांदा में चुनाव रैलियन के सम्बोधित करत कहलीं कि सपा अउर कांग्रेस क गठबंधन नकारात्मक सोच क प्रतीक हौ।

ओहर, कांग्रस महासचिव प्रियंका गांधी वाड्रा रायबरेली में वार्डरोब कैंपेनिंग करत भाजपा पर हमला बोलत कहलिनि कि भगवा पारटी अराजकता बढ़ा रहल हौ। उहां के कहली कि जनता के अइसन नेता चाहीं जे, चारि हजार किलोमीटर पैदल चलि के उनके बिच्चे पहुंचत हौ। बसपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष मायावती फतेहपुर में एगो जनसभा के सम्बोधित करत कहलिनि कि मुफ्त रासन योजना से गरीबन क भला नाहीं होवे वाला। उहां के कांग्रेस अउर सपो के निसाना पर रखलिनि। सपा मुखिया अखिलेश यादव बांदा अउर फतेहपुर में भाजपा पर हमला बोलत कहलें कि केन्द्र अउर प्रदेस क सरकार पुरहर भ्रस्टाचार में डूबल हौ। उहां के कहलीं कि भाजपा से संविधान के खतरा हौ।

**********

दिल्ली क मुख्यमंत्री अउर आम आदमी पारटी क नेता अरविंद केजरीवाल आजु भाजपा पर हमला बोलत कहलें कि भाजपा संविधान बदलि के आरक्षण खतम करे बदे चारि सौ सीटि मांगि रहल हौ। उहां के सपा प्रमुख अखिलेश यादव के साथे एगो संवाददाता सम्मेलन में कहलीं कि भाजपा अउर आरएसएस क पूरा ईको सिस्टम हमेंसा आरक्षण के खिलाफ रहल हौ। अखिलेश यादव आरोप लगवलें कि भाजपा झांसा देवे वाली पारटी है अउर लोगि भाजपा के मंजूर ानाहीं करिहें। उहां के कहलीं कि गठबंधन संविधान के बचवले के साथे–साथे आम लोगिन क बुनियादी जरूरति के बचावे क लड़ाई लड़ि रहल हौ।

**********

बहराइच जिला में स्टैटिक सर्विलांस टीम क जांचि में काल्ही देरि राति रूपईडीहा में एगो कार से बोरी में रक्खल एकावन लाख रूपिया बरामद कइल गइल। एकर सूचना आयकर विभाग के दे दिहल गइल हौ।

**********

आजु चिकित्सा एवं स्वास्थ्य विभाग के ओरि से डेंगू दिवस मनावल गइल अउर बचाव बदे अस्पतालन में कार्यक्रम आयोजित कइल गइल। गोरखपुर में मुख्य चिकित्साधिकारी डाक्टर आशुतोष कुमार दूबे डेंगू के लक्षण अउर एकरे उपचार क जानकारी दिहलन।

**********